

Mwen ap viv isit la nan Somerville!

Semèn timoun piti 2019 la
By: Amy Bamforth



Helping
Preschool
Kids
Thrive



A project of SomerPromise

**Mwen ap viv isit la nan Somerville ak jan ou ka wè,
gen anpil bagay ak amizman pou timoun tankou m'.**






Mwen renmen tout gwoup jwèt yo. Genyen tèlman pou fè. Nou monte, glisad ak kouri, jis di ou kèk.

Li fè cho nan sezon été a, epi dlo a fre. Gen kèk pak ki gen bèl jè dlo. Foss Park gen yon pisin.



**Pou istwa ak lekti, bibliyotèk yo bon ! Chak branch
gen lè yo pou istwa timoun yo - pa an reta!**





**Gen anpil restoran kote nou ka manje tout kalite manje.
Soti nan tout mond lan, manje nou an pa ka bat!**

Epi tande anpil lang tout kote! Nou pale, Aprann epi koute epi montre kijan nou pran swen nou.



Nan sezon prentan lè fèy yo grandi ak jaden yo pouse,
ale tcheke deyò Sant Growing - yon bèl pwomnad!



**Men, si ou renmen mizik, gen anpil pou fè.
Porchfest ak Honk! Gwoup Mizik yo bon pou danse.**




Photograph: Brennan Harkin

Oswa ou renmen foutbòl? Pou gade oswa pou yo jwe? Soti nan timoun piti yo pou pi gran yo, gen nan ekip pou tout-yay!



**T-boul ak foutbòl ak baskètbòl tou, glas
Hockey, parkour, ak sirk atizana tou.**





PLEASE DO NOT TOUCH





**Pi bon pati nan tout sa moun yo wè.
Kout, wo, nwa, mawon, blan-respè se kle.**

Avèk bonte ak pran swen, nou pran tan pou n jwe ak nouvo zanmi ak ansyen zanmi-yon bèl jou.



**Nou gen chans pou nou viv isit la. Vil la tèlman bon!
Se tan Somerville -eksplòre epi pa rete tann!**





Spanish version translated by Maura M. Quiroz and revised by Flor Apolaya.
Traducido al español por Maura M. Quiroz y revisado por Flor Apolaya.

Portuguese version translated by Silvia Travis and revised by Regina Bertholdo.

Traduzido para Português por Silvia Travis e revisado por Regina Bertholdo

Haitian Creole version translated by Marjorie Alexandre Elysée
Tradwi an Kreyòl Ayisyen pa Marjorie Alexandre Elysée